



Reyinyon Enfòmasyon Piblik - Somerville – McGrath Boulevard

Kisa k ap pase?

Sa a se yon reyinyon enfòmasyon pou prezante konsepsyon aktyèl la pou pwojè transpò enpòtan sa a epi pou pèmèt yon opòtinite pou opinyon piblik la. Pwojè yo pwopoze a konsiste de rekonstriksyon McGrath Highway (Wout 28) ant Broadway nan Somerville ak Rufo Rd & 3rd St nan Cambridge. Konsepsyon aktyèl la pwopoze pou retire pasaj siperyè McCarthy a epi ranplase li ak yon boulva ki gen pye bwa ak entèseksyon siyalize nan nivo. Pwojè a gen ladan pwovizyon, ekspansyon, ak amelyorasyon enstalasyon pou pyeton, bisiklèt, ak transpò piblik.

Ki jan sa pral afekte ou?

Pwojè a konsantre sou amelyore koneksyon kominotè ant diferan katye ak aranjanman pou tout itilizatè wout yo. Pwojè a gen ladan tou amelyorasyon sekirite, ogmante espas vèt, separasyon fizik bisiklèt ak pyeton ak veyikil a motè nenpòt kote sa posib, ak retire yon baryè fizik ak vizyèl (pasaj siperyè a) nan kominote a.

Kilè

13 Fevriye, 2024
6:30 pm

Ale nan

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Pou asire reyinyon yo aksesib, MassDOT bay rezonab: tradiksyon, entèpretasyon, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd ak sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, tanpri kontakte Ofisye anchèf Divèsite ak Dwa Sivil MassDOT nan 857-368-8580 oswa MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou tan ase pou trete demann sa yo, tanpri fè yo pi bonè posib, depreferans 10-15 jou anvan evènman an.

Ou ka voye yon imèl bay kesyon pwojè yo tou massdotmajorprojects@dot.state.ma.us. Tanpri soumèt nenpòt deklarasyon alekri konsènan angajman yo pwopoze a bay: **Carrie A. Lavalley, P.E., Enjenyè Anchèf, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Atansyon: MAJOR PROJECTS, PROJECT FILE NO. 607981**